

## Jan Pou Restore Kay Ou

Aprè yon dezaz, gen plizyè bagay w ap bezwen konsidere. A^ske li p ap yon danje pou w antre lakay ou? Kijan pou w sere ak netwaye bagay ou yo?

Pou enfòmasyon sou jan pou w retounen lakay ou apre yon dezaz, vizite: [http://portal.hud.gov/hudportal/HUD?src=/program\\_offices/healthy\\_homes/disasterrecovery](http://portal.hud.gov/hudportal/HUD?src=/program_offices/healthy_homes/disasterrecovery).

Kèk resous ki ka itil ou gen ladan:

- Gid pou pwopriyete kay ak lokate sou jan pou netwaye mwazi apre dezaz.
- Konsèy pou konsomatè pou restorasyon kay apre yon dezaz.
- Gid pou restorasyon apre yon dezaz pou yon kay ki solid ak san danje.
- Ou kapab telechaje aplikasyon gratis pou rebati kay solid la.



## VEYE MAGOUYÈ

Atansyon ak magouyè ki di yo pral ede ou oswa sove ou ak ipotèk kay ou a, ak lòt taktik ki pwofite sou moun.

Evite moun ki di ou yo kapab ede ou ak kredi ou a oswa repare kay ou oswa lòt sèvis, epi ki mande pou w peye yon frè inisyal. Atansyon ak kontrakte ki pa gen lisans yo.

Pa janm siyen anyen okenn bagay ou pa konprann. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.loanscalert.com](http://www.loanscalert.com), [www.HUD.gov](http://www.HUD.gov) ou [www.FEMA.gov](http://www.FEMA.gov).

- Pou enfòmasyon sou pwogram HUD yo, vizite: [www.hud.gov](http://www.hud.gov).
- Pwopriyete kay yo kapab jwenn repons pou kesyon konsènan ipotèk FHA yo nan: <http://portal.hud.gov/hudportal/HUD?src=/FHFAQ>
- W ap jwenn plis enfòmasyon sou asistans HUD pou dezaz nan: <http://portal.hud.gov/hudportal/HUD?src=/info/disasterresources>

U.S. Department of Housing  
and Urban Development

(Depatman Lojman  
ak Devlopman Iben)

451 7th Street, SW

Washington DC, 20410

Revize: 7 septanm 2016 (French Creole)

## DEPATMAN LOJMAN AK DEVLOPMAN IBEN AMERIKEN



## Retablisman Apre Yon Dezaz Resous



French Creole

## “KISA POU MWEN FÈ APRE YON DEZAS?”

Aprè yon dezaz, chak moun ki afekte pral bezwen sèvis ijans touswit - swen medikal, manje, dlo,abri. Se yon moman ki gen anpil difikilite ak presyon, men sonje pral gen lòt moun ki ka pou ede ou nan chak pa.

***Aplike pou asistans nan men Ajans Federal Pou Jesyon Ijans la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak Administrasyon Ti Komès (Small Business Administration, SBA)***

Menm si ou pa gen pwòp biznis ou, fòk ou aplike pou asistans nan men SBA ou resevwa tout asistans ou kalifye pou resevwa nan men FEMA.

Rezidan ak pwopriyetè kay ki te gen anpil pèt yo kapab aplike pou asistans nan men FEMA nan: **1-800-621-3362**

Pou TTY rele 1-800-462-7585, epi pou 711 relè oswa Sèvis Relè Videyo (VRS) rele 1-800-621-3362.

Pou jwenn Sant Retablisman Dezaz ki pi pre kote ou ka aplike pou asistans la, vizite: <http://asd.fema.gov/inter/locator/home.htm>

Aplike sou entènèt: [www.DisasterAssistance.gov](http://www.DisasterAssistance.gov)

### ***Asistans HUD pou pwopriyetè kay ak moun k ap Iwe***

- Si w ap viv nan lojman piblik, yon kay Seksyon 8 oswa ou gen yon Koupon Chwa Lojman kontakte kote ki te ede ou avan dezaz la ak HUD nan:

**1-800-955-2232** pou rezidan lojman piblik ak moun ki en Koupon Chwa Lojman yo.

**1-800-685-8470** pou rezidan Seksyon 8 yo.

- Gen yon lwa pou 90 jou ki disponib pou kredi kay ki gen asirans FHA pou yo pa sezi kay yo apre yon Dezaz Prezidan Deklare. Pou enfòmasyon, rele: **1-800-225-5342**.
- Kontakte HUD pou enfòmasyon sou pwogram lokasyon kay ak sibvansyon federal ki gen kote ki ofri pwogram sa yo nan zòn ou nan: **1-800-955-2232** ou **1-800-685-8470**.
- Pwogram Seksyon 203(h) HUD la ofri asirans FHA bay viktim dezaz ki te pè di kay yo epi ki gen difikilite pou rebati kay yo oswa achte yon lòt. Moun k ap prete nan men pretatè FHA apwouve yo kalifye pou 100 pousan finansman, ak pri pou finalize acha a ladan. Pou enfòmasyon, rele: **1-800-225-5342**.
- Program kredi Seksyon 203(k) HUD la pèmèt moun ki viktim dezaz yo jwenn finansman pou achte oswa refinance yon kay ansanm ak lajan pou repare li nan yon sèl ipotèk. Epitou, li pèmèt pwopriyetè ak kay ki domaje yo jwenn finansman pou repare kay pou yon fanmi yo. Pou enfòmasyon rele: **1-800-225-5342**.
- Si ou se yon pwopriyetè kay ki pè pou yo pa sezi kay ou, oswa ou gen kesyon sou pwochen etap pou kay ou, rele **1-800-569-4287** pou pran kontak ak yon ajans konsèy nan zafè kay HUD apwouve. Ou pa bezwen gen yon kredi ak FHA pou rankontre ak yon ajans konsèy nan zafè kay HUD apwouve epi pa janm gen yon frè pou konsèy pou anpeche yo sezi kay yon moun.
- Èske yo te fè diskriminasyon kont ou apre yon dezaz? Kontakte HUD pou depoze yon plent nan: **1-800-669-9777** oswa **1-888-560-8913**.

### ***Asistans HUD pou Ajans Gouvènman Eta ak Lokal***

- Pwogram sibvansyon devlopman gwoup kominote (Community Development Block Grant, CDBG) ak HOME yo bay Eta a ak kominote yo mwayen pou redirije plizyè milyon dola nan finansman fòmil chak ane pou abòde bezwen ijans, tankou lojman ak sèvis pou viktim dezaz yo.
- Selon pwogram Seksyon 108 la, HUD ap ofri gouvènman eta ak lokal yo prèt ki gen garanti federal pou reparasyon kay, devlopman ekonomik, ak reparasyon en-frastrikti piblik
- HUD ofri finansman nan Sibvansyon Gwoup Kominote Endyan (Indian Community Development Block Grant) bay zòn Lojman Endeyen ak Tribal ki nan danje yo.
- HUD kapab gen finansman disponib pou otorite lojman piblik (PHA yo) pou ede yo repare pwopriyete ki domaje.
- Depatman an pral pataje enfòmasyon ak FEMA ak Eta a sou kote ki ofri lojman ki kapab disponib nan konte ki afekte yo. Sa gen lajan Ajans Lojman Piblik ak Pwopriyete kay pou Plizyè Fanmi. Epitou, Depatman an ap konekte ak FEMA ak Eta avèk ekspè ki kapab bay enfòmasyon sou pwogram HUD yo ak kote ki ofri yo.
- HUD ofri asistans bay distribitè Ginnie Mae nan zòn dezaz la kote li ofri asistans bay distribitè sekirite ki gen sipò ipotèk (MBS) yo yon bon kantite kredi nan zòn ki afekte yo. Asistans la gen ladan, èd pou peye investisè MBS yo lè pwopriyete a pa ka peye, epi elimine kredi ki an rete pou estatistik yo itilize nan siveyans risk.